

The Commonwealth of Massachusetts
Committee for Public Counsel Services
Mental Health Litigation Division
44 Bromfield St., 2nd Fl., Boston, MA 02108

TEL: 617-988-8341

FAX: 617-988-8488

ANTHONY J. BENEDETTI MARK A. LARSEN
CHIEF COUNSEL DIRECTOR

Pou moun ki admèt enveloptèman daprè G.L. c. 123, § 12 (b)

Avi sou Dwa ou pou gen yon Avoka

Yo te admèt ou nan etablisman sante mantal isit la paske doktè a panse ou gen yon maladi mantal e si w pa entène lopital ou ka vinyon danje pou tèt ou oswa pou lòt moun, oswa paske ou pap kapab pran swen tèt ou. Lopital la ka kenbe ou enveloptèman jiska twa (3) jou nan semèn nan. Jou nan semèn nan pa enkli wiken oswa jou fèt. Apre twa jou sa yo, lopital la dwe swa kite'w ale oswa mande yon tribinal pou bay lòd pou'w rete lopital la jiska sis (6) mwa anplis. Pwosedi tribinal sa a rele yon odyans plasman sivil.

OU GEN DWA POU GENYEN YON AVOKA pandan peryòd twa jou sa a, epi pou nenpòt ki odyans pou plasman.

- Avoka sa aap yonavoka ki antrene (or) enstrisou sante mantal.
- Yap bay Avoka a gratis.
- Avoka a ap reprezante ou nan odyans pou plasman an, si li nesesè .

AVOKA SA A REPREZANTE OUMENM E OUMENM SÈLMAN!

o Avoka a va:

- Eksplike lwa a.
 - Ede w konprann lwa a.
 - Pwoteje dwa ou yo pandan pwosesis plasmana.
 - Ensiste yon odyans dijans, si admisyon an pa kòrèk.
 - Ede ou prepare defans ou si lopital la fè yon petisyon pou plasman sivil ou a.
- o Avoka a kapab ede ou tou pou jwenn yon sipò legal pou ede ou avèk lòt pwoblèm ke ou ka genyen pandan ke ou nan lopital la.

Si ou vle yon avoka, di sa a pèsonèl lopital la imedyatman. Lopital la dwe kontakte Committee for Public Counsel Services pou ke nou kapab bay yon avoka pou reprezante ou. Avoka a ap vinn wè avè'w pa pi ta pase pwochen jou nan semenm nan. ** Tanpri note ke dwa pou gen yon avoka pa aplike si w nan lopital la volontèman. Sepandan, ou ka toujou rele nan nimewo ki anba paj la pou poze kesyon sou dwa legal ou.

Si ou bezwen plis enfòmasyon sou dwa pou gen yon avoka, oswa si ou gen kesyon sou dwa legal ou lè ou se yon pasyan nan etablisman sa a, tanpri kontakte

Avoka CPCs Anplwayè nan Sante Mantal: 617-988-8341